

LAGNES AK TONTOUSSI COVID-19 AK VIH



Diangoro bi toudou coronavirus SARS-CoV-2 jétou coronavirus bou béss la, menanou ko waleu nit mou diokho ferbar bou toudou COVID-19

01 NOUNOU COYE WALANTÉ?

Domou diangoro dji danou coye walanté si yonou ngalaw, boudé lale nga teufite, wala ayes tisseutis ndokhe yiye guéné si nit kou ame domou diangoro dji bou tissoré wala mou seukheute. Doléye walanté migui dependare si tolouwayou domou diangoro dji si sa yonou noyikhaye. Tisseuti yoyou bou lalé nit si bakaname, guéméyame wala si ayes beuteumes meunanouko waleu. Diaféna torrope nga waleu nit, boudé séne diguénté amna 1 – 2 metar. Di chi yoke, boudé tisseuti yoyous dano danou si kawé appe béreuppe, bo lalé fofou gnou nék ak sa lokho, nga lale sa ayes beuttés, sa guéméye wala bakane meune nga ame diangoro dji.

02 MEUNANOU KO WALANTÉ SI YONOU SÉY?

Bounou toppé li keourou Mbotayou Mbiroum Wergu Yaram si Adina (OMS), diangoro dji toudou coronavirus bolé wounou ko si diangoro yinouye walanté si yonou séy. Wanté lolou takhoule gnou léne di fatéli que domou diangoro dji migui si teufite, kone gnou bayi khéle né meunanou ko walanté si fonanetés.

03 NOU MOUYE FÉGNÉ SI GNOUNE?

Ni mou fégné firdéles yi gno chi gueneu fésse, yarame bou tangué, di seukhates, mélni danguaye fate di niak ngalaw. Amna ayes yones dina fégné ak ayes diafé diafés si sa birre, bou ande ak birre bouye daw wala métitou birre. Li euppe si yi ame domou diangoro dji, dou garaw, ni mouye fégné daye oyaffe. Boudé daffe la sonale, meuna indila neumonie bou ande ak diafé diafés noyi, di ague ba si sa reins yi baye indi dé. Gni mouye gueuna sonale, moye nit gni nék si yéne mbotaye you néw dolé.

04 GNANES GNOYE MBOTAYES YOU NÉW DOLÉ YOYOUS?

Gni gnou chi guena ragné si mbotaye you néw dolé yoyou moye mack yi ame lou euppe 60 ates, nit gni ames diangoro hypertension arteriel, diabete, diangoro cardiovasculaire, diangoroye poumon bou yague, cancer wala gni nga khamné séne yarame beurri woule diambar yoyou di khékhe ak diangoro bou dougué si sa yarame. Si fagandikou tamite, bolé nanou chi djiguénes gni eumbe.

05 NIT GNI AMES DIANGOROYE VIH NDAKHE BOKNANOU SI MBOTAYE BI GUENA NÉW DOLÉ POUR AME SARS-COV-2?

Gni séne khome khome mache si mbiroume chaytou, fi gnou tolou, bolé wognou nit gni ames diangoro VIH si mbotayou nit gni néw dolé pour wal léne diangoro coronavirus bou bess bobou.

gt grupo de trabajo sobre tratamientos del VIH
ENTIDAD DECLARADA DE UTILIDAD PÚBLICA
ONG DE DESARROLLO

SUBVENCIÓN

GOBIERNO DE ESPAÑA
MINISTERIO DE SANIDAD, CONSUMO Y BIENESTAR SOCIAL
SECRETARÍA DE ESTADO DE SANIDAD
MINISTERIO DE SANIDAD
DIRECCIÓN GENERAL DE SALUD PÚBLICA
SECRETARÍA DEL PLAN NACIONAL SOBRE EL SIDA

FOR SOLIDARIDAD
OTROS FINES DE INTERÉS SOCIAL

Generalitat de Catalunya
Agència de Salut Pública de Catalunya
Generalitat de Catalunya
Departament de Justícia

Ajuntament de Barcelona
ÀREA DE QUALITAT DE VIDA, IGUALTAT I ESPORTS
Diputació de Barcelona
ÀREA DE BIENESTAR SOCIAL

COL·LABORA

ETIS
EQUIP DE TREBALL SOBRE MIGRACIÓ I SALUT
Vall d'Hebron
eSPiC
Equip de salut pública i comunitària



¿TIENES DUDAS
SOBRE EL TEMA?
PREGÚNTANOS

Tel. 93 458 26 41
consultas@gtt-vih.org

06

NIT GNI AMÉ DIANGORO VIH, NDAKHE MEUNANO EUPPE AYES RISK AME AYES DIAFÉ DIAFÉ BOUDÉ DANO AME DIANGORO COVID-19?

Gni séne khame khame mache si mbiroume chaytou, fi gnou tolou, bolé wognou nit gni ames diangoro VIH si mbotayou nit gni nêw dolé bougnou léne walé diangoro coronavirus bou bess bobou. Fi gnou tolou, guisse nanou que nit gni ame diangoro VIH, di dieule séne garrabes yiyes khékhe diangoro dji, boudé domou diangorodji kéne meunou ko guisse si dérétame, bolé chi bounou compter CD4 dounou euppe 200 si ben tokh/mm3 dou bok si mbotayou nit gni euppe ayes risk ak diangoro dji que nit gni amoul diangor VIH. Wanté lolou takhoule, kome nit gni nêk si population bi, bounou amé diangoro dji gni ame VIH mou ande ak ayes diafé diafés, bounou nêké si mbotayes you nêw dolé yi, di mack, wala you ame diangoro yoyou gnou wakhones, hypertension arteriel, diabetes, diangoroye cardiovasculaire, diangoroye poumon bou yague, cancer wala séne diambar yoyou si séne yarame nêw dolé meuna no fatou ni kou amoulone diangoro dji.

Bolo nataplé pour khole nane leu yénéni domou diangoro di déff si nit kou ame VIH, danou léne di bolé si mbotaye yi nêw dolé, lolou di takhe bounou amé diafé diafé meunanou léne bolé si mbotaye yi euppe risk bounou amé diangoro COVID-19. Lolou di firdél, nit gni amé VIH te domou diangor dji si séne yarame CD4 metoul 200 tokhs/mm3 té likowarale dou mi gui dieule wala dieuloule garrabes yiyes khékhe diangorodji. Li nak dou takhe gnou bagne faté né ba fignou tolou amoul gueustou bou meuna deugueule lolou(1 COVID-19 batakhalou khibar bou 12/03/2020) Khibar pour nits gniye dounde ak diangoro VIH si fi you tolou ak diangoro coronavirus COVID-19. Diogué si Mbotayou France biye khékhe diangoro SIDA (SFLS) ande chi ak Mbotaye biye Thiaytou Diangoroye Walanté si khalama Nassarane (SPILF). Si lolou yeuppe, nit yoyou amés diangoro djodjou, linou léne di digueule, moye you tok séne keure.

¹ COVID19: Lettre d'information (12/03/20). Information pour les personnes vivants avec le VIH concernant l'épidémie actuelle du coronavirus COVID-19. Société Française de Lutte contre le Sida (SFLS) et Société de Pathologie Infectieuse de Langue Française (SPILF).



¿TIENES DUDAS
SOBRE EL TEMA?
PREGÚNTANOS

Tel. 93 458 26 41
consultas@gtt-vih.org

07

AMNA GARRABE BOUYE FACHE DIANGORO COVID-19

Fignou tolou di binde keitou khibar bi si (wérou mars bou 2020) amoul béne garrabe bou ko meuna fache, wanté lolou takhoule nit gna gui déffe ayes diégo pour ames ayes niakous pour meune ko gatandou ayes ak garrabes you bess pour boko amé COVID-19, gnou meune la fache, fignou tolou ni gnigui khole, si ayes nits yénéni garrabes you fi amones. Lolou takhoule, amna solo fatali né amna garrabe you beurri yo khamné meuna nou wagni dolé diangoro boudé dafa doye ware, lo lou dina takhe pache mi khawa tané.

08

NDAKHE GARRABES YIYE KHÉKHE DOMOU DIANGORO SI NITS GNI AMÉ VIH MEUNA MOUSSALE WALA ARE NITS KOU AMÉ DOMOU DIANGOR SARS-COV-2 TÉ AMÉ FÉBAR BI DI COVID-19

Deugueuleu né amna ayes chaytou youye woné né amna ayes garrabes si yiyes khékhe diangoro VIH (tagnou léne di toudé yiye nassakhale domou diangoro dji, Inhibiteur) meunanoula maye touti dolé si padjome COVID-19. Wanté ba fi gnouye wakhé, amoul dara lou firdéle né garrabes yoyou dina la mouthieule bou bakhe si walanté domou diangor djodjou di SARS-CoV-2 si nits gniye nane garrabes pour khékhe diangoro VIH.

09

GNI AMÉ DIANGORO VIH LOUGNOU WARA DÉF POUR MOUCHI?

Amouul ndigueule pour niome khéssé. Gni séne khame khame mache si pache, nénanou nieuppe gni ames VIH nanou topou ndicteul yi ak khalate yi dieume si mbiroum thiéte ak wergu yaram yi kilifeu wergu yarame yi digglé, ndakhe domou diangoro bou béss la bounou wara diangue lou beurri. Yoré sa lokho sét ak sa figaye noyé mouye sét, moy ndigueule bi euppe sola pour teunk domo diangoro dji. Si lolou, diléne doli di rakhasse séne lokho si dire bou toulou si 20 secondes ak ndokhe ak sabou (amna sola bala nga lale sa kaname, wala ngaye togue wala lék) bolé chi di taffe sa bakane ak sa guéméye boy tissoli wala ngaye seukheute si béne mouchoir boy sani bo parré wala si sa bire thionthiou lokho. Di léne digueule tamite di fonpou si khawe yi ngaye lale sassou né ak ayes dioumtouwayes youye rayes domou diangorodji. Si lou lo yeupe, fi gnou tolou, ndigueule li euppe sola, moye toke si sa keure, di guéne lék bou meunoul niak pour moytou walanté domou diangoro dji.

10

NIT QUI AME DIANGORO VIH NDAKHE MENA DÉME SI KEUROU DOCTOR YI POUR SÉTI BOPAME WALA POUR DIEULI AYES GARRABAMES?

Keouro doctor yiye khole lou dieume si diangoro yignouye walanté, tégnouye thiyatou wégou yaramou gni ame VIH, gni bok si gni takhaw fi gnou tolou pour khékhe diangoro dji limbé adouna. Lo lo takhe keouro doctor you beurri dano sopi séne dokhalé, dieule ayes matouwayes you bess pour takhawou gni amé diangoro VIH tamite meuléne diokhe séni garrabes. Pour nimbale si liguéye bobou, amna sola nga woté sa doctor wala fi mouye liguéyé si VIH bala nga déme keur doctor. Gnou si beurri dano dindi gni gnou diokhone rendez vous ba bénéne diamono bou léppeu dialé, wanté takhoule gni gui guisse gni nga khamné meunou no khare. Lolou tamite takhoule béppeu nit bou yorré diangoro VIH té wala dieule garrabame bi koye dimbeulé, keouro doctor yi, dinanou fékhé bamou diote ayes garrabames. Thiopékou yi ame si keouro doctor yi si ni gnou dane liguéyé, li ko warale moye moytou nits you beurri di déme si keouro hopital yi.

11

KANE NGAYE WAKHALE BOUDÉ NDAGA GUISSÉ AYES FIRNDÉLES GNOU NIROK AK YOU DIANGORO COVID-19

Boudé ndanga guisse ayes firndéles you nirok you diangoro COVID-19, nits gni ames diangoro VIH, nanou woté téléphone si séne dispensaire (ndakhe wakhtane ak séne doctor bi seus si yome) wala woté si numero téléphone binou léne diokhe si deuk binou nék ndake gnou meuneléne khélale diego yi nou wara topeu.

TÉLÉPHONE BO DOULE FAYE DARA POUR DIOTE AYES Khibares si COVID-19

Andalousie	900 400 061 / 955 545 060
Aragon	976 696 382
Asturias	984 100 400 / 900 878 232 / 112 + 1
Cantabrie	900 612 112
Castilla La Mancha	900 122 112
Castilla y León	900 222 000
Cataluña	061
Ceuta	900 720 692
C. Madrid	900 102 112
C. Valencienne	900 300 555
Extremadure	900 222 012
Galice	900 400 116
Iles Baleares	902 079 079 / 971 437 079
Iles Canaries	900 112 061
La Rioja	941 298 333
Melilla	112
Murcia	900 121 212
Navarra	948 290 290
Pays Basques	900 203 050



¿TIENES DUDAS
SOBRE EL TEMA?
PREGÚNTANOS

Tel. 93 458 26 41
consultas@gtt-vih.org